Ассаламу гIалайкум!

# ЦIумадисезул гьаракь

(Голос Цумады)

2025 соналъул 16 май Рузман № 21 (7891) Газета бахъизе байбихьана 1937 соналъул 1 декабралда Багьа 8 гъурущ 12 +

ЦIУМАДА РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА - ЦУМАДИНСКАЯ РАЙОННАЯ ГАЗЕТА

КIудияб Бергьенлъиялъ - 80 сон

## ЧIухIиялъулгун пашманлъиялъул асар жубараб байрам

**9 май. Агъвали**

Радал сагIат 8-ялда берцинго ретIа-къан рачIарал цIалдохъабаз ва мугIалимзабаз гвангъизабун букIана Агъвали гимназиялъул азбар. Гьединго



гьенире рачIун рукIана районалъул нухмалъулел, депутатал, захIматалъул ветеранал ва райцентралъул хъулухъчагIи. Гьениб рохалилаб ахIвал-хIалалда рагьана КIудияб



ВатIанияб рагъда бергьенлъи босаралдаса 80 сон тIубаялда бан гимназиялъул азбаралда ВатIан цIунулаго хварал районцоязе бараб обелиск.

Гимназиялъул директор Муслим ВахIидовас рохалилаб ахIвал-хIалалда рагьана тадбир ва киназдаго баркана КIудияб Бергьенлъиялъ 80 сон тIубай.

Байрам баркун кIалъаял гьаруна районалъул нухмалъулев Шамил ГIумаровас, районалъул рагъулав комиссар МухIамадрасул Расуловас, районалъул ветераназул Советалъул председатель МухIамад ХIанаповас, хасаб рагъулаб операциялда хварав рагъухъанасул эмен МухIамад Макъсудовас.

РекIелъ КIудияб чIухIигун ва пашманлъиялъул асарги рагьана ВатIан цIунулаго рухI къурал бахIарзазе бараб обелиск, гимназиялъул цIалдохъабаз цIалана ва ахIана КIудияб Бергьенлъиялъул къоялда ва ВатIан цIунулесул лъагIалида хурхун кучIдул.

Обелиск рагьи ккана кIудияб лъугьа-бахъинлъун, ракIалде щвезаруна КIудияб ВатIанияб рагъда, Афгъаналъул ракьалда, 1999 соналъул августалъул лъугьа-бахъиназда ва жакъа Украиналда унеб хасаб рагъулаб операциялда ВатIаналъе гIоло рухI къурал бахIарзал.

Обелискалъухъ балагьидал рекIее кIудияб пашманлъиялъул асар гьабуна Ольга Берггольцаялъул «Щивго кIочон гьечIо, щибго кIочон гьечIо» абурал рагIабаз ва гьезул магIнаялъ (абадиялъ рекIелъ цIунила нилъер цебесебги, умумулги, гьезул бахIарчиял ишалги).

* * *

Гимназиялда тадбир тIубан хадуб, байбихьана байрамалъулаб тадбир.

Байрам кIодо гьабизе рачIунезул колонна бетIералда районалъул нухмалъулелгун щвана Совет Союзалъул БахIарчи Къади Абакаровасул памятникалда цере тIугьдузул гор ва квацIи лъезе. Гьединго тIугьдул ва тIугьдузул горал лъуна 1999 соналъул августалъул лъугьа-бахъиназда ВатIаналъе гIоло рухI къурал милициялъул хIалтIухъабазе ва КIудияб ВатIанияб рагъда хваразе рарал обелисказда цере.

Байрам баркизе рачIаразда гьоркьор рукIана Афгъаналъул рагъул ва хасаб рагъулаб операциялъул гIахьалчагIи.

Районцоязда байрам баркун рохалилаб дандельи рагьана районалъул бетIер Шамил ГIумаровас.

-Жакъа нилъеца кIодо гьабулеб буго КIудияб Бергьенлъиялъ 80 сон тIубай. КIудияб Бергьенлъиялъул къо ккола нилъер халкъалъул бахIарчилъиялъул, гьезул щулалъиялъул ва цолъиялъул гIаламатлъун. Ункъго соналъ халат бахъана рагъ. Улкаялъул миллияб эркенлъи цIунулаго бахIарчилъи бихьизабуна советияб халкъалъ, гьездаго цадахъ бахIарчиго рахъана нилъер умумулги. Жакъа гьезул цониги нилъгун гьечIо, амма гьезул цIарал ва бахIарчиял ишал кидаго рукIине руго нилъер ракIазулъ. Гьебго заманалда, рагъуе кумек гьабун, къасиги къадги тылалдаги хIалтIана советияб халкъ.

ВатIаналъе гIоло жакъаги бахIарчиго рагъулел руго нилъер гIолохъаби хасаб рагъулаб операциялда. Дагъал гьечIо гьенир бахIарчилъиги бихьизабун ВатIаналъе гIоло рухI къурал нилъер гIолохъаби. Нилъ чIухIула гьездаса ва гьезул бахIарчиял ишаздаса. Гьел абадиялъ хутIила нилъер ракIазулъ, -ан абуна Шамил ГIумаровас.



Байрам баркун кIалъазе рахъана ТIадгъаквари росдал школалъул мугIалим МуртазагIали МуртазагIалиев, районалъул рагъулав комиссар МухIамадрасул Расулов ва районалъул ветераназул Советалъул председатель МухIамад ХIанапов.

Бергьенлъиялъул къо баркун цере рахъана Агъвали гимназиялъул цIалдохъаби ва культураялъул управлениялъул хIалтIухъаби, тIоритIана спортивиял тадбирал ва росабазул майданал.

Гьедин рохалилаб ахIвал-хIалалда тIобитIана Агъвали КIудияб Бергьенлъиялъ 80 сон тIубайялъул байрам.

**ГI.Малачдибиров**

**Никто не забыт, ничто не забыто**

# Поклон и память поколений

Великая Отечественная война - событие, которое навсегда останется в памяти народа. Историческая память о нём передаётся из поколения в поколение и служит всем нам - потомкам напоминанием о величайшей трагедии нашего государства и народа.




Агвалинская гимназия

2025 год, по указу президента России, стал Годом защитников отечества в честь 80-летия Победы советского народа в Великой Отечественной войне. В целях сохранения исторической памяти, в течение всего года каждый человек нашей Родины от мала до велика присоединился к социальным проектам, акциям, приуроченными к юбилейному году. Обучающиеся наших школ, коллективы учителей, родители ответственно и творчески подошли к мероприятиям, посвящённым этому героическому периоду истории нашей Родины. Самое историческое событие в честь празднования 80-летия Победы советского народа в Великой Отечественной войне произошло в МКОУ «Агвалинская гимназия им.К.Абакарова», МКОУ «Гигатлинская СОШ им. Ш. А. Исаева», МКОУ «Кванадинская СОШ», МКОУ «Гаккой-



Гигатлинская СОШ

ская СОШ» - открытие обелисков воинам - землякам, павшим на полях сражений, фронтовикам, вернувшимся с Победой в свою родное село, труженикам тыла и детям войны, которые приближали победу на трудовом фронте.

Установление обелисков нужно для того, чтобы молодое поколение 21 века знало и чтило память своих предков, чтобы сохранили память в своих сердцах о людях, которые победили в той страшной войне. Пройдут годы, сменятся поколения, а память о людях, победившие войну сохранится. Обелиски будут напоминать людям о том, какой ценой завоевано счастье и как важно его беречь.

Десятки, сотни наших земляков встали на защиту нашей Родины от фашистских захватчиков. Не все вернулись с полей сражения: они погибли, пропали без вести или умерли от ран. В дань памяти и уважения по погибшим защитникам Родины все жители наших сёл, где установлены обелиски, в канун Дня Победы пойдут к памятнику, чтобы возложить цветы - это станет традицией, передающейся из поколения в поколение.

В день открытия обелисков защитникам Родины в ВОВ, ведущие мероприятия, напомнили присутствующим о трагических и незабываемых днях той войны. Звучали проникновенные стихи о том страшном времени, было сказано много глубоких, пронзительных слов, от которых на глазах появлялись слёзы. Слушали и исполняли песни военных лет.




Кванадинская СОШ

Мемориал стал символом памяти и уважения к подвигу солдат, сражавшихся за свободу страны, и живым напоминанием будущим поколениям о цене Победы.

Почётное право открыть обелиски предоставлялись старожилам и уважаемым жителям села.

Минутой молчания почтили память павших героев. Кульминацией мероприятия стало возложение цветов к обелискам, в сопровождении песни «Журавли», в знак глубокой благодарности



Гаккойская СОШ

и уважения ко всем тем, кто не вернулся с войны, но навсегда остался в сердцах потомков. Дети отпустили шары с журавликами в небо.

**Магомед Гаджиев**, методист управления образования

# Бергьенлъияллъул къо кIодо гьабуна

КIудияб ВатIанияб рагъул кьогIлъи щвечIеб хъизан гIемер букIун батиларо Гьигьалъ росулъ. РукIана рагъде вацал аралги, эменгун вас аралги хъизанал. ГIага-шагарго нусгоялде гIунтIун чи ун вуго ГьигьалъаН КIудияб ВатIанияб рагъде. Гьезул гIемерисел хутIана кьалул байдабазда, рокъоре руссаразда гьоркьоргги гIемер рукIана чорхое сакъат ккарал.




Гьезул цIарал ва бахIарчиял ишал абадияллъун гьари мурадалда ва КIудияб Бергьенлъиялъ 80 сон тIубаялда бан росдал маданияталъул кIалгIаялъул азбаралда бана кIудияб обелиск. Гьеб баялъулъ кIвахI тун хIалтIана росдал нухмалъулев Рамадан ГьазимухIамадовгун цадахъ росдал гIолохъаби. Хасго кIудияб жигарчилъи бихьизабуна гьеныб МахIачхъалаялда чIарав Россиялъул мустахIикъав, Дагъистаналъул халкъияв художник ГIали МухIамадовас.



Обелиск рагьиялда хурхун 9 маялда Гьигьалъ тIобитIана рохалилаб тадбир. Гьенир гIахьаллъана росу тун къватIир гIумру гьабун ругел росуцоялги. Гьебго къоялъ гьединабго обелиск рагьана росдал школалъул азбаралдаги.

Гьелдаса хадуб росулъ тIобитIана Россиялъул самбоялъул Федерациялъул вице-президент МухIамадсултIан ГIалиевасул призалъе гьигьалъдерида гьоркьоб волейболалъул турнир.

ТурниралЪул чемпионлъун бахъана Кизляр мухъалда чIарал гIолохъабазул тIоцебесеб команда. Гьезие щвана кубок ва лъеберазарго гьуруц. КIиабилеб ва лъабабилеб бакIал ккуразе кьуна къоазарго ва анцIазарго гьуруц ва грамотаби.

**ТIалхIат ГIабдулбасиров**

**Малъа-хъвай**

# Хехаб кумек гьаби - киназдаго лъазе кколеб иш

Араб талат къоялъ, 13 маялда, Агъвали райадминистрациялъул данделъабазул залалда тIобитIана тохлъукьего унтарасе хехаб кумек гьабизе ругьун гьариялъул тадбир.

Гьеб тIобитIана райбольницаялъул реанимациялъулаб отделениялъул медсестра Заира ГIабдулгъафуровалъ. Гьелъ бичIчIуледухъ бицана тIоцебесеб кумек гьабулесда



лъазе кколел жалазул, манекеналги хIалтIизарун рихьизаруна хехаб кумек гьабулел къагIидаби, рехсана тIоцебесеб кумек гьабулаго кьочIое росизе кколел цо-цо принципал: дурусльи ва пайдаяб букIин, хехльи, льикIургьи, хIинкьи гьечIольи ва гIодове виччай.



Кутакалда кIваркьун гIенеккана тадбиралда гIахьаллъарал бицунелда, гьелъие нугIлъи гьабулеб букIана гIодор чIезе бакI гьечIого цIун букIараб залалъ ва гьез кьолел рукIарал суалаз.

-Хехаб кумек гьабизе ругьунлъи чара гьечIого хIажатаб буго нилъер щивасе, хасго лъималазул коллективазда хIалтIулезе. Учительзабазда, тарбиячагIазда ва гIолилалгун хIалтIулезда лъазе ккола бокьараб ахIвал-хIалалде ккедал хехаб кумек гьабизе ва гьелъие бигьаялгун чара гьечIого хIажатал къагIидаби хIалтIизаризе. ЛъикI букIинаан гьел лъазаризе ва малъизе учреждениябазулгун организациябазул хIалтIухъаби ругьун гьаризе дарсал кьуни.

Нилъеда бихьулеб буго врачазул кумек щвелалде хехаб кумек щвани, инсан хвалдаса хвасар гьавизе рес букIин. Гьелъие нугIлъи гьабулел хIужаби нилъер районалда гIемер ккана. Гьединал ишал ккани, кумек гьабизе лъазе ва ругьунлъизе тIобитIулеб тадбир буго гьаб нилъер жакъасебги, -ян абуна районалъул бетIер Шамил ГIумаровас данделъиялъул байбихьуда.

Данделъиялъул ахиралда Шамил ГIумаровас киназулго рахьалъан кIудияб баркала загьир гьабуна Заира ГIабдулгъафуровалъе пайдаяб малъа-хъваялъухъ.

**ГIубайдула Малачдибиров**

# Протокол публичных слушаний

**с. Агвали** **13.05.2025 г.**

Присутствовало 85 человек:
- депутаты Собрания депутатов МР «Цумадинский район»;
- работники администрации МР «Цумадинский район»;
- главы администраций сельских поселений;
- жители района.

Председательствующий-Нурмагомедов М. Г., председатель Собрания депутатов МР «Цумадинский район».

Секретарь- Ибрагимов Т. А., начальник отдела правовой работы и информационных технологий администрации МР «Цумадинский район».

Тема публичных слушаний: обсуждение проекта решения Собрание депутатов муниципального района «Цумадинский район» «О внесении изменений и дополнений в Устав муниципального образования «Цумадинский район».

Инициаторы публичных слушаний: Собрание депутатов муниципального района «Цумадинский район».

Председательствующий открыл заседание публичных слушаний и сказал, что проект изменений и дополнений в Устав муниципального образования «Цумадинский район» принят решением Собрания депутатов МР «Цумадинский район» от 7 марта 2025г. №3 с целью приведения Устава муниципального образования «Цумадинский район» в соответствие с Федеральным законом от 06.10.2003 №131-ФЗ (в редакции Федеральных законов от 08.12.2020 № 411-ФЗ, от 22.12.2020 № 458-ФЗ, от 30.04.2021 № 116-ФЗ, от 11.06.2021 № 170-ФЗ, от 01.07.2021 № 289-ФЗ, от 19.11.2021 № 376-ФЗ, от 30.12.2021 №492-ФЗ, от 06.02.2023 № 12-ФЗ, от 10.07.2023 № 286-ФЗ, от 04.08.2023 № 420-ФЗ, от 02.11.2023 № 517-ФЗ, от 25.12.2023 № 657-ФЗ, от 25.12.2023 № 673-ФЗ, от 15.05.2024 № 99-ФЗ, от 13.07.2024 № 185-ФЗ, от 08.08.2024 № 232-ФЗ, 13.12.2024 № 471-ФЗ, Постановления КС РФ от 30.05.2023 № 27-П).

В связи с этим Собрание депутатов МР «Цумадинский район» приняло проект изменений и дополнений в Устав муниципального образования «Цумадинский район» в редакции, опубликованной в районной газете «Голос Цумады» от 18.04.2025 г.

Со дня опубликования и по 6 мая 2025 г. каждый житель района имел возможность досконально ознакомиться с проектом изменений и дополнений в Устав муниципального образования «Цумадинский район» и представить свои предложения в соответствии с нормами действующего законодательства комиссии публичных слушаний.

Письменных предложений и замечаний от жителей МР «Цумадинский район», иных заинтересованных лиц и участников публичных слушаний не поступило

Присутствующим было предложено высказать свои предложения здесь же, выйдя на трибуну.

Выступивший гражданин Омаров А. А. - заместитель директора МКОУ «ДЮСШ» предложил при внесении изменений в часть 1 статьи 22 (Собрание депутатов муниципального района) Устава муниципального образования «Цумадинский район» установить, при формировании представительного органа муниципального района, норму в количестве одного представителя с каждого сельского поселения, а с сельских поселений «село Агвали» и «сельсовет «Тиндинский» по два представителя. Было предложено довести общую численность депутатов Собрания депутатов МР «Цумадинский район» до 25 человек вместо 53.

Далее, выступившие депутаты Ханапов М. А. и Магомедов А. А. предложили норму представительства оставить в количестве 31 человек, как было установлено при принятии проекта решения Собранием депутатов МР «Цумадинский район» от 7 марта 2025 г. №3.

От присутствующих поступили вопросы, на которые были даны исчерпывающие ответы.

Председательствующий: Я предлагаю одобрить проект изменений и дополнений в Устав муниципального образования «Цумадинский район» в редакции, изложенной в газете «Голос Цумады» от 18.04.2025 г. с учетом предложений Омарова А. А. Кто за данное предложение, прошу проголосовать.

Голоса распределились следующим образом:
«ЗА» - 84 человек;
«ПРОТИВ» - 1;
«ВОЗДЕРЖАЛСЯ» - 0.

Результаты публичных слушаний:

В результате обсуждения проекта решения о внесении изменений и дополнений в Устав муниципального образования «Цумадинский район», принято решение:

I. Одобрить проект изменений и дополнений в Устав муниципального образования «Цумадинский район».

2. Рекомендовать Собранию депутатов муниципального района «Цумадинский район» принять изменения и дополнения в Устав муниципального образования «Цумадинский район» в решении Собрания депутатов в редакции, изложенной в газете «Голос Цумады» от 18.04.2025 г. с учетом предложений Омарова А. А. с общей численностью в количестве 25 человек.

3. Редакции газеты «Голос Цумады» опубликовать информацию о проведении публичных слушаний в печати и администрации МР «Цумадинский район» разместить - на официальном сайте администрации МР «Цумадинский район» в сети Интернет.

**Председатель собрания: Магомедов М. Г.**

**Секретарь собрания: Ибрагимов Т. А.**

# Заключение

**о результатах публичных слушаний по проекту изменений и дополнений в Устав муниципального образования «Цумадинский район».**

**с. Агвали** **13.05.2025 г.**

Публичные слушания назначены решением Собрания депутатов муниципального района «Цумадинский район» от 07.03.2025 г. №03

Тема публичных слушаний: обсуждение проекта решения о внесении изменений и дополнений в Устав муниципального образования «Цумадинский район».

Инициаторы публичных слушаний: Собрание депутатов муниципального района «Цумадинский район».

Количество участников: 85.

В результате обсуждения проекта решения о внесении изменений и дополнений в Устав муниципального образования «Цумадинский район», принято решение:

1. Одобрить проект изменений и дополнений в Устав муниципального образования «Цумадинский район».

2. Рекомендовать Собранию депутатов муниципального района «Цумадинский район» принять изменения и дополнения в Устав муниципального образования «Цумадинский район» в редакции, изложенной в решении Собрания депутатов от 18.04.2025 г. №18 (7888) с учетом предложений Омарова А. А. с общей численностью в количестве 25 человек.

3. Редакции газеты «Голос Цумады» (Малачдибиров У.С.) опубликовать информацию о проведении публичных слушаний в печати и Администрации МР «Цумадинский район» разместить - на официальном сайте администрации МР «Цумадинский район» в сети Интернет (http://www.mr-tsumada.ru) (Закарьяев Ш. М.).

ОМВД

# ОБРАЩЕНИЕ

**руководства ОМВД России по Цумадинскому району к населению района**

**Уважаемые цумадинцы!**

В целях выявления, предупреждения и раскрытия преступлений, связанных с незаконным оборотом наркотических средств растительного происхождения на территории района в три этапа проводится межведомственная комплексная оперативно-профилактическая операция «Мак-2025». Первый этап - с 12 по 21 мая, второй этап - с 14 по 23 июля и третий этап - с 15 по 24 сентября г.

В ходе проведения операции на территории района будут проводиться мероприятия, направленные на:

-выявление и ликвидацию незаконных посевов запрещенных к возделыванию растений, содержащих наркотические вещества;

-выявление и привлечение к ответственности лиц, осуществляющих незаконно культивирование запрещенных к возделыванию растений, содержащих наркотические вещества;

-выявление очагов произрастания дикорастущих растений, содержащих наркотические вещества и их уничтожение.

Культивирование конопли издавна являлось одной из разновидностей растениеводства на территории нашей республики. Конопля использовалась при изготовлении национальных продуктов, таких как урбеч, натIухI и других, но опасность состоит не в том, что коноплю выращивают для использования в быту, а в том, что посевы конопли становятся легкодоступным источником, приобретения наркотических средств для наркозависимых, в том числе молодежной среде, так как проблема распространения наркомании актуальна и нашем регионе.

Статистика выявленных преступлений свидетельствует значительной доле употребления наркотических средств растительного происхождения.

В связи с этим законодательством Российской Федерации, именно уголовным кодексом РФ, Кодексом об административных правонарушений РФ установлена ответственность за совершение преступлений и правонарушений в данном направлении, в том числе культивирование наркотикосодержащих растений в любых целях.

Выделены основные статьи УК РФ, преступления по которым могут быть совершены на территории нашего района:

**Статья 228 УК РФ.** «Незаконное приобретение, хранение, перевозка, изготовление, переработка наркотических средств, психотропных веществ или их аналогов, а также незаконные приобретение, хранение, перевозка растений, содержащих наркотические средства или психотропные вещества, либо их частей, содержащих наркотические средства или психотропные вещества». За совершение данного преступления предусмотрено наказание начиная от штрафа в размере до сорока тысяч рублей и до лишения свободы сроком до I5 лет со штрафом в размере до пятисот тысяч рублей, в зависимости от степени тяжести совершенного преступления.

**Статья 228.1 УК РФ.** «Незаконные производство, сбыт или пересылка наркотических средств, психотропных веществ или их аналогов, а также незаконные сбыт или пересылка растений, содержащих наркотические средства или психотропные вещества, либо их частей, содержащих наркотические средства или психотропные вещества». За совершение данного преступления предусмотрено наказание от 4 до 20 лет лишения свободы, в зависимости от степени тяжести совершенного преступления.

**Статья 230 УК РФ.** «Склонение к потреблению наркотических средств или психотропных веществ»-за совершение данного преступления предусмотрено наказание начиная от ограничения свободы до 3 лет и до лишения свободы сроком до 15 лет, в зависимости от степени тяжести совершенного преступления.

**Статься 231 УК РФ.** «Незаконное культивирование растений, содержащих наркотические средства или психотропные вещества либо их прекурсоры» - за совершение данного преступления предусмотрено наказание начиная со штрафа в размере до 300000 рублей и до восьми лет лишения свободы, в зависимости от степени тяжести совершенного преступления.

**Статья 232 УК РФ.** «Организация либо содержание притонов для потребления наркотических средств или психотропных веществ» - за совершение данного преступления предусмотрено наказание в виде лишения свободы сроком до 7 лет, в зависимости от степени тяжести совершенного преступления.

Также кодексом об административных правонарушениях РФ предусмотрена статья: ст. I0.5 КоАП РФ «Непринятие мер по уничтожению дикорастущих растений включенных в перечень наркотических средств, психотропных веществ и их прекурсоров, подлежащих контролю в Российской Федерации, и дикорастущей конопли»- влечет наложение административного штрафа на граждан в размере от одной тысячи пятисот до двух тысяч рублей; на должностных лиц - от трех четырех тысяч рублей, на юридических лиц - от тридцати тысяч до сорок тысяч рублей.

В связи с этим главам сельских поселений необходимо принять меры по выявлению и уничтожению дикорастущих посевов конопли, а также проводить разъяснительную работу с населением о запрете выращивания наркотикосодержащих растений.

Также руководство ОМВД России по Цумадинскому району просит население района незамедлительно сообщать и информировать органы полиции обо всех случаях, ставших им известными об употреблении, хранении, перевозке, выращивании наркотических средств и их прекурсоров гражданами района и инорайонными лицами, в том числе растительного происхождения, а также о случаях обнаружения на территории района очагов произрастания дикорастущих наркосодержащих растений (конопли, мака) для принятия соответствующих мер реагирования.

За информацию способствовавшую выявлению и раскрытию преступлений в сфере незаконного оборота наркотических средств гарантировано будет оказано материальное вознаграждение.

**Телефоны доверия:** 8-999-418-53-03, 8-963-410-52-51 и 8-967-937-30-62.

Спорт

## Байрамкъоялъул къецал

КIудияб Бергьенлъиялъ 80 сон тIубаялда бан 9 маялда Агъвали тIоритIана спорталъул миллиял тайпабазул рахъалъ къецал. Гьенир гIолохъаби къеркьана гамачI рехиялъул, чIаралъуса кIанцIиялъул ва гира рехиялъул рахъалъ жидерго къуват ва бажари бихьизабизе.

ГамачI рехиялъул рахъалъ районалда кидаго цебесеб кьерда рукIуна хушетисел. Гьаб нухалъги гамачI рехун тIоцебесеб бакI ккуна Хушетиса Бадрусалам Зулиевас, кIиабилеб бакI щвана Кьедиса ПатхIудин МухIамадовасе, лъабабилеб бакIалда гIей гьабуна Агъвалиса МухIамад ХIасбулаевас.

Гира (16 кг.) рехун вергьана МухIамад ХIасбулаев (Агъвали), кIиабилеб бакI ккуна МухIамад МухIамадовас (ТIинди) ва лъабабилеб бакIалде ккана АхIмадов Къасим (Гьаквари).

ЧIаралъуса кIанцIун МухIамад ХIасбулаевасде вахарав чи ккечIо. Гьениб кIиабилеб бакI ккуна Кьеди росдал бетIер ИсмагIил ГIашикьовас. ИсмагIил ккола жакъаги кьерда вугев волейболист. ТIиндиса МухIамадрасул МухIамадовасе щвана лъабабилеб бакI.

Районалъул бетIер Шамил ГIумаровас бергьарал ва призерал кIодо гьаруна гIарцулал сайгъатаздалъун ва грамотабаздалъун.

**ТIалхIат ГIабдулбасиров**

## Турниралда тIоцебесеб бакI ккуна

Гьал къояз Каспийскиялда ГIали ГIалиевасул цIаралда



бугеб спорталъул ва гIолилазул КIалгIаялда тIобитIана Дагъистаналъул жамгIиявгун политикияв хIаракатчи СуракъатАсиятилов ракIалде щвезавиялъе греказулгун румазул гугариялъул рахъалъ гIолилазда гьоркьоб (U 21) халкъазда гьоркьосеб турнир.

Гьенир гIахьаллъана Россиялъул, Арменияльул, Белоруссиялъул, Казахстаналъул ва Узбекистаналъул гугарухъаби.

Иргадулаб нухалъги 97 кг. цIайиялда турниралъул чемпионлъун вахъана нильер ракьцояв, ТIиндиса ХIажимухIамадов Сайпула.

Сайпулаца гьениб бихьизабуна лъикIаб гугари, дандияэе бергьине течIо кинабгIаги хьул.

**Шамил Бадрудинов**

## Подписка -2025

**ХIурматиял районцоял!**

Унеб буго «ЦIумадисезул гьаракь» газеталъе 2025 соналъул кIиабилеб бащдаб лъагIалие подписка. Жигар бахье нильерго районалъул газета хъвазе ва гьелдаса пайда босизе.

АбизегIанасеб хириябги гуреб, щибаб рузман къоялъ нужехъеги щолеб газета буго «ЦIумадисезул гьаракь»

Ургъун рихье!

**«ЦIумадисезул гьаракь» газеталъул багьа:**

-бащдаб лъагIалие -390,48 гъур.,

- индекс: -51377.

БетIерав редактор Малачдибиров ГIубайдула СагIадулаевич 8 (87273) 2-52-44

Редакциялъул (издателасул) адрес: 368900 Дагъистан Республика, ЦIумада район, Кьенгьара росу, Заводалъул къватI, 4

«ЦIумадисезул гьаракь» газета гIуцIарал: Дагъистан Республикаялъул «ЦIумада район» муниципалияб районалъул администрация (ОГРН I020500562697)

Газета къватIибе биччана «Издательский дом «Дагестан» ГАУялъул типографиялда.

Адрес: 367018, МахIачхъала шагьар, Насрудиновасул проспект, I «А»

Тираж - 1304
Газеталъул индекс: 51377 (бащдаб лъагIалие) 63302 (лъагIалие)

Макъалабазда рехсарал хIужабазул, тарихазул бальголъи гьорлъ бугел ва цогидалги баяназул жаваб авторас кьола.

Газета зарегистрирована Управлением Роскомнадзора по Республике Дагестан. ПИ №ТУ 05-00434 от 15 июля 2019 г.

Адрес электронной почты GoIostsumady@maII.ru